

nouvèl ki soti nan **Local 362**

Chè Manm Sendika Lokal 362,

Mwen espere edisyon Nouvèl ki soti nan Lokal 362 sa a jwenn ou byen. Anplis divès fason nou rete konekte, bilten chak twa mwa sa a fèt pou edike, enfòmè epi enspire fyète nan Sendika ou a plis toujou.

Avèk ekonomi domestik ak mondyal la k ap fè fas ak ensètitud, moman difisil ap tann manm nou yo. Nan listwa, vwayaj lwazi se youn nan premye depans moun yo koupe lè y ap eseye ekonomize lajan. Pandan vwayaj ap diminye, anpil kesyon leve: Èske y ap diminye lè travay mwen yo? Èske yo ka revoke m? Èske opòtinite pou fè lè siplemantè ap diminye?



Sa yo se enkyetid valab. Erezman, Kontra Sendika nou an gen pwoteksyon ki pwoteje kapasite nou pou nou touche yon salè jis pou yon jounen travay ki jis. Ou ta dwe pale ak delege sendika ou a pou w aprann pwoteksyon Kontra nou yo genyen ladan yo.

Malgre ensètitud la, manm Sendika nou an ap ranpòte viktwa enspiran! Pafè egzanp se nouvo Kontra ke travayè SSP America Food Service nan MCO te genyen dènyèman an. Nan sa a, manm sa yo te genyen asirans medikal, dantè ak vizyon GRATIS apati 1/1/27. Oubyen egzanp travayè Aramark nan Lockheed Martin ki te genyen premye Kontra Sendika yo ki gen ladan benefis Pansyon. Viktwa tankou sa yo mete aksan sou sa nou ka reyalize lè nou ini. Konnen ke fòs kolektif nou an ap mennen nou nan siksès epi **ke n ap bati yon Sendika ki pi solid chak jou.**

In solidarity,
Eric B. Clinton
President

A handwritten signature in dark ink, appearing to read "Eric B. Clinton". The signature is stylized and written in a cursive-like font.

ORLANDO PRIDE PARADE!!

VIN JWENN NOU SAMDI 18 OKTÒB @ LAKE EOLA

Travayè SSP yo Genyen yon Kontra Istorik!

Nan mwa me, travayè Sèvis Manje nan Ayewopò Entènasyonal Orlando ki travay pou SSP America te genyen yon kontra sendika revolisyonè. Nouvo kontra 3 zan sa a fè manm sendika selibatè yo peye **ZERO DOLA pa semèn pou plan medikal, dantè ak vizyon** yo apati 1/1/27!!! Anplis de sa, tout travayè yo pral touche omwen \$20 pa èdtan an 2026 epi yo pral gen yon langaj ki egzije pou manadje an maksimize 40 èdtan pa semèn!!! Lòt pwen enpòtan yo enkli ajoute peman Lyezon Timoun, yon jou ferye anplis, Asirans Lavi ak Asirans Andikap Kout Tèm.



TRAVAYÈ AREAS YO MERITE PLIS!



Travayè Sèvis Manje nan MCO ki travay pou AREAS USA merite **PLIS!** Pwolonjman Kontra aktyèl la te ekspire nan dat 31 me 2025 epi Manm Sendika yo nan zòn sa a ap mande Patwon yo pou 1 satisfè estanda yo mete an plas pa travayè SSP America ak Delaware North nan MCO.

Dat negosyasyon inisyal yo pwograme pou Jiyè, al wè delege sendikal ou a oswa òganizatè w la pou plis enfòmasyon!

BYENVENI KÈK NAN NOUVO DELEGE SENDIKAL NOU YO NAN DISNEY.

Zico: Custodial Magic Kingdom, Clariste: Custodial Magic Kingdom, Michelle: Utilities Magic Kingdom, Napo: Utilities Magic Kingdom, and Daniella: Custodial Waterparks





Byenveni Anplwaye Delta Lounge yo!

Apeprè 40 travayè nan Ayewopò Entènasyonal Orlando a ki travay nan Salon Delta Airlines la fèk òganize epi rantre nan Lokal 362! Travayè sa yo sèvi manje ak bwason, netwaye dèyè kliyan yo, epi prepare manje. Yo rantre nan Sendika travayè sèvis manje ki nan Florid Santral la ki ap goumen. Travayè yo aprann ke lè yo rete ansanm, yo gen yon pi bon avni.

Negosyasyon yo pwograme pou **12 ak 13 jen 2025**. N ap bay detay sou negosyasyon yo pita!



Travayè Sky Chefs yo Konnen Inite!

Nan mwa me, travayè Airline Catering nan MCO ki travay pou Sky Chefs te reyini pou

mande ekip manadje yo pou yo retounen bò tab negosyasyon an epi ofri yo yon kontra ki jis! Travayè Sky Chef yo fè pati yon konpayi nasyonal ki bay sèvis manje ak bwason bay konpayi avyon atravè peyi a. Yo anba yon lwa konplike tou ki anpeche travayè yo fè grèv. Sa lakòz negosyasyon yo trennen depi 2017! N ap voye yon mesaj bay konpayi an: li lè pou nou pran sa oserye! Travayè Sky Chef yo merite ogmantasyon salè ki jis ak benefis reyèl.

**NOU P AP
SISPANN
JISKASKE NOU
GENYEN
KONTRA NOU
MERITE A!**

**Vin jwenn nou
Madi 29 Jiyè a
pou Reyinyon
Jeneral Manm
nou an! N ap
fè l nan sal
sendika UNITE
HERE! Lokal
362 a 9:00 am
ak 6:00 pm.**



Travayè Aramark yo Rantre nan Lokal 362 epi GENYEN!

Travayè kafeterya nan izin Lockheed Martin ki toupren Sand Lake Road nan Orlando, ki travay pou Aramark, fèk òganize sendika yo epi yo rantre nan Lokal 362! Genyen Sendika a vle di ke travayè yo ap benefisye pwoteksyon ak benefis Kontra Sendika nou an pote avèk yo kounye a pou premye fwa!

Benefis sa yo enkli:

- Gwo ogmantasyon!
- Peman Antrenè ak Lidè
- Swen Sante Kalite ak Abòdab
- Rekonesans Ansyente
- Yon Plan Pansyon
- ak anpil plis ankò!

Travayè Aramark yo te rantre nan premye sendika Ospitalite ki t ap konbat la nan Florid Santral!

Nou te gen anpil Manm Sendika Disney ki te pran konje ane sa a pou ede bati Sendika a aplentan, epi yo te chofe anpil! Depi dirije delegasyon oswa òganize selebrasyon pou Mwa Fyète Ayisyen an, rive fè respekte kontra a ak defann kòlèg travay yo, yo te montre nou fòs nou soti nan nou tout ki kanpe ansanm!



**PWOCHEN
FÒMASYON
NOU AN POU
DELEGE
SENDIKA YO**

**JEDI
14 OUT**

**LI PRAL
SITIYE NAN:
UNITE
HERE!
LOCAL
362
UNION
HALL**

**09:00
16:00
19:00**

KONNEN DWA OU YO



I do not wish to speak with you, answer your questions, or sign or hand you any documents based on my 5th Amendment rights under the United States Constitution.

I do not give you permission to enter my home based on my 4th Amendment rights under the United States Constitution unless you have a warrant to enter, signed by a judge or magistrate with my name on it that you slide under the door.

I do not give you permission to search any of my belongings based on my 4th Amendment rights.

I choose to exercise my constitutional rights.